*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 2 (7320) РУЗМАН 20 январь 2023 сон

12+

## Совещание тIобитIана

Исана райадминистрациялда тIоцебесеб аппаратальулаб совещание тIобитIана районалъул



бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевасул нухмалъиялда гьоркь. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул цояв заместитель МухIамад ГIумаровасги, отделазул ва муниципалиял учреждениязул нухмалъулезги.

ХIусен ГIарабиевас киналго гIахьаллъаразда баркана тIаде щвараб хIалтIул цIияб сон ва гьарана гьабулеб хIалтIи цадахъаб, хайир кьолеб батайгиян.

Районалда цере чIарал масъалабазулги бицун, бетIерасул заместителас лъазабуна гIагараб заманалда тIоцере кIвар буссинабизе кколел хIалтIабазул планалъул.

Хадуб совещаниялда гIенеккана щивав нухмалъулес тIуразаризе кколел рукIарал цере лъурал масъалабазул. КIвар буссинабуна районалъул бюджет тIубазабиялде, лъай кьеялде, культураялде, спорталде, хIинкъи гьечIолъи цIуниялде ва цифровая трансформация муниципалияб программа гIуцIиялде.

Совещаниялъул хIасилги гьабун щивав нухмалъулесе кьуна цIиял тIадкъаял.



## Харж цIикIкIинабуна

Гьаб соналъул 1 январалдаса хадуб медицинаялъул хIалтIухъабазе, хасго гIоларел, кьанагIатаб специальность бугел тохтурзабазе щибаб моцIалъул харжалде тIадеги кьолеб буго гIарац:

- ЦРБялъул ва росабазул больницабазул тохтурзабазе – 18,5 азарго гъурущ;
- тIоцебесеб звеноялъулазе – 14,5 азарго гъурущ;
- хехаб кумекалъулазе – 11,5 азарго гъурущ;
- гьоркьохъеб звеноялъул медицинаялъул хIалтIухъабазе – 8 азарго гъурущ;
- поликлиникаялъул гьоркьохъеб медперсоналалъе, фельдшеразул, акушеразул пунктазулгун амбулаториязул тохтурзабазе – 6,5 азарго гъурущ;
- хехаб кумекалъул фельдшеразегун медсестрабазе – 7 азарго гъурущ;
- хехаб кумекалъул ахIиял къабул гьарулел фельдшеразе – 4,5 азарго гъурущ;
- байбихьул звеноялъул гIодобегIанаб персоналалъе – 4 азарго гъурущ.

## ГIахьалчагIазе кIиго стаж




ХIукуматалъул хIукмуялдалъун Украинаялда рагъулаб операциялъуль гIахьаллъи гьабураб заман мобилизоват гьаруразул, контракталда рекъон ва жидеего бокьун аразул страховояб стаж кIиго къадаралъулаблъун рикIкIунеб буго.

ХIукму тIибитIизабулеб буго киналго рагъулаб хъулухъалде ахIарал гражданазда мобилизоват гьаруразда гьединго контракталда рекъон ва жидеего бокьун араздаги. Хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабураб заман рикIкIине буго гьезул страховояб стажалда гьоркьоб цо къо, кIиго къоялъул бакIалда.

Гьединабго хIисаб букIине буго цебеккунго пенсия чIезабулагоги. Цебеккунго пенсия щвеялъе ихтияр бугеб хасаб стаж гьоркьоб къотIизабизе гьечIо.

## ЧIарадисезул заказник



11 январалда тIолабго Россиялдаго кIодо гьабулеб буго Заповедниказул ва миллиял парказул къо. МугIрузда ва шагьаразда гIумру гьабулев щивас жидедаго сверухъ ругел бакIазде бер щвезабуни, бихьула тIабигIаталъ нилъеда сверухъ рахчун ругел бицун хIал кIоларелгIан, жидедаса бер гIорцIуларел берцинлъаби.

Дунялалда бугеб тIабигIаталъул берцинлъабазул кидаго рехсей гьабула кучIдузуль поэтазги, суратазулъ художниказги, хъвадарухъабаз жидерго асаразулъги. КьанагIатги батиларо гьезул хIакъалъулъ хъвайхъвагIай гьечIеб бакI.

Бокьун буго бицен гьабизе нилъерго районалъул заказникалъул хIакъалъулъ.

ЧIарада район буго Дагъистан Республикаялъул рорхатал мугIрузда Кара-Койсу гIурул рагIалда. Гьаниб буго республикаялъул кIваралда бугеб 1967 соналда гIуцIараб «Чародинский» пачалихъияб заказникги.

ГIаммаб къагIидаялда гьелъул ракьалъул къадар бахъунеб буго гIага-шагарго 85000 гектаралде. Северальулаб рахъалъул гIорхъи унеб буго Зильда магIардаса байбихьун Кара-Койсу гIурул рагIал ккун ГIурухъ-СотIа росулъе щвезегIан. Бакъбаккул рахъалдаса Дультыдаг мегIералда сверун, югалъулаб ва бакътIерхьул рахъалъул гIурхъи данделъулеб буго ЛъаратIа районалъул административияб гIорхьода.

«Чародинский» заказник гIуцIараб буго гIалхул хIайванал цIуни лъикI гьабиялъул ва пачалихъияб чанахъанлъиялъул фонд пайда кьолеб къагIидаялда хIалтIизабиялъул, БагIараб тIехьалде росарал кьанагIатал рухIчIаголъаби цIуниялъул ва гьел цIикIкIинариялъе биотехническиял тадбирал гьариялъул мурадалда.

Заказникалъул ракьалда руго гIебал тIанхазул гьутIбузул чIахIиял рохьал, батIи-батIиял хъархъал, альпиялъулал ва субальпиялъулал авлахъал.

ХIайваназдаса гьенир дандчIвала: кавказалъул ритIучIал, безоаровиял цIцIани, жайранал, хьабанал ва цогидалги. Хасго гIемер руго пачалихъалъулаб бербалагьиялда гьоркь ругел дагъистаналъул бисал. Заказникалъул ракьалда гьезие руго гIатIидал авлахъалги гIасиял къурабиги.

Гьениб аслияб кIвар буссинабулеб бакIлъун буго, жиб Дагъистаналъул тIабигIияб памятниклъун кколеб ва законалда рекъон цIунулеб, рильдул чвахеро «Чирхалю-Чвахило».

Гьеб къуватаб, кIудияб ва Дагъистаналдаго ругезда гьоркьоб бищун берцинаб чвахеро кколеб буго Кьесер кIкIалалда, Рильаб росдадаса 2 километраль югалъул рахъалдехун. Гьелъул чвахиялъул халалъи бащалъулеб буго 45 метралде, гьаракьин абуни рагIулеб буго 1,5 километралъул манзилалда.

Биценалда рекъон гьеб чвахеро рикIкIунеб буго Ойсоралъул гIатIилъуда гIазу ва цIер биинальул хIасилалда лъугьараблъун. Цо-цо бакIазда гьелъул гIеблъи бахъунеб буго 8-9 метраялде. Гьелда сверун кидаго букIунеб буго лъълел тIирабаз лъугьинабураб нуралъул кIамури.

Гьаб дунялги берцинлъиги буго цIакъго бигьаго ва хехго хвезабизе бегьулеб жо. Гьединльидал, щивав чиясда тIадаб буго нилъерго тIабигIияб бечельи цIунизе. Лъазе ккараб жоги буго гьеб кинабго нилъеего гIоло гьабулеб букIин.

***РачIа киназго тIабигIатги гьениб бугебщинаб рухIчIаголъиги ясбер гIадин цIунизе!***

***М. Пришвинил рагIаби руго: «ТIабигIаталда жанире лъугьарабго нилъ разилъулел руго, гьенир нилъедего рачIунел рукIиналъ».***





# Бюджеты сельских поселений

Собрание депутатов МО «сельсовет Цурибский»
Чародинского района

## Решения № 1

*28.12.2022 г.*

**О бюджете МО «сельсовет Цурибский» Чародинского района на 2023 год**

**Статья 1.** Утвердить бюджет МО «сельсовет Цурибский» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме 4682890 рублей и по расходам в сумме 4800121 рублей в том числе остаток на 01.01.2023 г. 117231 рублей.

***Глава сельского поселения «сельсовет Цурибский»***
***М. МУРТАЗАЛИЕВА***

Приложение 2
к решению о бюджете
МО «сельсовет Цурибский» Чародинского района
на 2023 г. от 28.12.2022 г.

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2023 г. | 2024 г. | 2025 г. |
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 944700 | 944700 | 944700 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 113000 | 113000 | 113000 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 111000 | 111000 | 111000 |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 3500190 | 3088520 | 3088520 |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учета | | | |
| 18210503010011000110 | Сельхоз налог | | | |
| | Прочие доходы | 14000 | 14000 | 14000 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 4682890 | 4271220 | 4271220 |

Приложение №3
к решению о бюджете
МО «сельсовет Цурибский» Чародинского района
на 2023 от 28.12.2022 г.

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 2023 г. | 2024 г. | 2025 г. |
| ВСЕГО РАСХОДОВ | | | 4800121 | 4271220 | 4271220 |
| Выборы депутатов Собрания | 01 | 07 | | | |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 1849437 | 1849437 | 1849437 |
| Руководство и управление в сфере уст-х функций (Центр. бухгалтерия) | 01 | 13 | | | |
| Доплаты к гос. пенсиям | 01 | 01 | 150120 | 150120 | 150120 |
| Жилищное хозяйство | 05 | 01 | | | |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | | | |
| Благоустройство | 05 | 03 | 1554552 | 1030651 | 1030651 |
| Молодежная политика | 07 | 07 | 50000 | 50000 | 50000 |
| Культура | 08 | 01 | 536378 | 531378 | 531378 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | 70000 | 70000 | 70000 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 576634 | 576634 | 576634 |
| Ликвидация чрез. ситу-й и стихийных бедствий | 03 | 09 | 3000 | 3000 | 3000 |
| Выборы Главы МО | 01 | 07 | | | |
| Антитеррор | 01 | 13 | 10000 | 10000 | 10000 |

## Решение № 2

*с. Цуриб*
*28.12.2022 г.*

**Об исполнении бюджета МО «сельсовет Цурибский»**

Рассмотрев информацию об исполнении бюджета 2022 года, Собрание депутатов МО «сельсовет Цурибский» **решает:**

1. Утвердить исполнение доходной части бюджета МО «сельсовет Цурибский» за 2022 год в сумме 7593314 рублей.
2. Утвердить исполнение расходной части бюджета МО «сельсовет Цурибский» за 2022 год в сумме 7653069 рублей.
3. Неизрасходованная сумма 117231 рублей направлена на расходы бюджета МО «сельсовет Цурибский» 2023 года.

***Глава сельского поселения***
***М. МУРТАЗАЛИЕВА***

Республика Дагестан
Администрация муниципального образования
«село Чарода» Собрание депутатов сельского поселения

## Решение № 2

*от 16.01.2023 г. № 2*

**О бюджете администрации муниципального образования «село Чарода» Чародинского района на 2023 год**

Рассмотрев проект бюджета администрации МО «село Чарода» на 2023 год, Собрание депутатов сельского поселения **решает:**

**Статья 1**. Утвердить бюджет администрации МО «село Чарода» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме 2649690 рублей и по расходам в сумме 2666950 рублей с учетом не расходованных за 2022 год 17200 рублей.

***Глава администрации МО «село Чарода»***
***Г. ИСМАИЛОВ***

Приложение № 1
к решению о бюджете администрации
МО «село Чарода» на 2023 год
от 16.01.2023 г.

**Лимит бюджета на 2022 год**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма |
|---|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 17000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 26000 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 85000 |
| 18210503000011000110 | Единый сельхозналог | 10000 |
| | Не налоговые доходы | 2000 |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 2380690 |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 129000 |
| 00120203003100000151 | Субвенция по ведению ЗАГСа | |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 2649690 |

Приложение № 2
к решению «О бюджете администрации
МО «село Чарода»
на 2023 г., 2024 г., 2025 г.

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма | Сумма | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | | | 2023 г. | 2024 г. | 2025 г. |
| | | | 2666950 | 2573000 | 2564000 |
| Функционирование местной администрации | 01 | 02 | 1266200 | 1325000 | 1482.000 |
| Функционирование бухгалтерии | 01 | 13 | 355600 | 369000 | 386000 |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 129000 | 130000 | 131000 |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 03 | 194150 | 50000 | 60000 |
| Молодёжная политика и оздоровление детей | 07 | 07 | 10000 | 10000 | 10000 |
| Культура | 08 | 01 | 712000 | 689000 | 695000 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | | | |
| Ведение ЗАГСа | 11 | 01 | | | |
| Регулирование отношений по муниципальной собственности | 01 | 14 | | | |
| Проведение муниципальных выборов | 01 | 07 | | ---- | ---- |

Республика Дагестан
Администрация муниципального образования
«село Чарода» Собрание депутатов сельского поселения

## Решение № 1

*с. Чарода 16.01.2023 г.*

**Об исполнении бюджета МО «село Чарода»**

Рассмотрев информацию об исполнении бюджета 2022 года, Собрание депутатов сельского поселения «село Чарода» **решает:**

1. Утвердить исполнение доходной части бюджета МО «село Чарода» за 2022 год в сумме 2488900 рублей.
2. Утвердить исполнение расходной части бюджета МО «село Чарода» за 2022 год в сумме 241700 рублей.
3. Не расходованных за 2022 год 17200 рублей перенести на 2023 год.

***Председатель Собрания депутатов***
***МО «село Чарода»***
***М. АБАКАРОВ***

# Бюджеты сельских поселений

Республика Дагестан
Чародинский район Собрание депутатов
муниципального образования «Сельсовет Суметинский»

## Решение № 1

*от 28 декабря 2022 г.*

**О бюджете муниципального образования «сельсовет Суметинский» на 2023 год**

В соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, ст. 52 Федерального Закона ФЗ от 06.10.2003 г. № 131 «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом МО «сельсовет Суметинский» Собрание депутатов сельского поселения **решает:**

**Статья 1.** Утвердить бюджет МО «сельсовет Суметинский» Чародинского района на 2022 год по доходам в сумме 3299200 рублей и по расходам в сумме 3299200 рублей.

***Глава МО «сельсовет Суметинский»***
***М. ОМАРОВ***

Приложение №3
к решению о бюджете Администрации МО «сельсовет Суметинский»
на 2023 год от 28.12.2022 г.

**Поступления доходов в бюджет МО «сельсовет Суметинский» Чародинского района в 2022 году**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | сумма |
|---|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 31000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 51000 |
| 18210606033101000110 | Земельный налог с организаций | |
| 18210606043101000110 | Земельный налог с физических лиц | 141000 |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 2931200 |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 130000 |
| 00110804020011000110 | Государственная пошлина за нотариальные действия должностных лиц | 5000 |
| 18210503010011000110 | Единый сельскохозяйственный налог | 10000 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 3299200 |

Приложение №4
к решению о бюджете Администрации МО «сельсовет Суметинский»
на 2023 год от 28.12.2022 г.

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | --- | --- | 3299200 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 492405 |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 1111504 |
| Резервные фонды | 01 | 11 | |
| Руководство и управление в сфере уст-х функций (Центр. бухгалтерия, ЗАГС и прочие мероприятия) | 01 | 13 | |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 130000 |
| Жилищное хозяйство | 05 | 01 | |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | |
| Благоустройство | 05 | 03 | 656283 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 25000 |
| Культура | 08 | 01 | 770000 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | 50000 |
| Проведение выборов | 01 | 07 | |
| Доплаты к госпенсиям | 10 | 01 | 64008 |

Собрание депутатов муниципального образования
«сельсовет Магарский» Чародинского района

## Решение № 14

**о бюджете муниципального образования «сельсовет Магарский» Чародинского района на 2023 год**

**Принято Собранием депутатов МО «сельсовет Магарский»**
*от 26 декабря 2022 г.*

**Статья 1.** Утвердить бюджет МО «сельсовет Магарский» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме **3737540** руб. и по расходам в сумме **3737540** руб.

***Глава администрации МО «сельсовет Магарский»***
***Б. Г. ХИМЕЛОВ***

Приложение № 3
к решению о бюджете МО «сельсовет Магарский» Чародинского района»
на 2023 год от 26 декабря 2022 г. №14

**Поступления доходов в бюджет МО «сельсовет Магарский» Чародинского района в 2023 году**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма |
|---|---|---|
| 18210606043102100110 | Налог на доходы физических лиц | 32 000 |
| 18210606043102100110 | Налог на имущество физических лиц | 54 000 |
| 18210606043102100110 | Земельный налог | 244 000 |
| 18210503010011000110 | Единый сельскохозяйственный налог | 18 000 |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 3,248540 |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 136000 |
| | Не налоговые доходы | 5000 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | 3737540 |

Приложение 4
к решению «О бюджете МО «сельсовет Магарский» Чародинского района»
на 2023 год от 26 декабря 2022 г. № 14

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| **Наименование** | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| **ВСЕГО РАСХОДОВ** | --- | --- | **3737540** |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 897242 |
| Руководство и управление в сфере уст-х функций (Центр. бухгалтерия и др.) | 01 | 13 | 502311 |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 136000 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 508713 |
| Благоустройство | 05 | 03 | 493274 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 30000 |
| Культура | 08 | 01 | 1100 000 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 05 | 60 000 |
| Антитеррор | 01 | 13 | 10000 |

# Имеется вакансия

В МКУ ЕДДС МО «Чародинский район» имеется вакантная должность заместителя начальника ЕДДС.

Требования к претендентам: наличие высшего образования, знание компьютера.

Желающие могут обратиться в Администрацию Чародинского района до 1 февраля. Отбор будет проходить на конкурсной основе в здании райадминистрации.




### Кавказским межрегиональным управлением Россельхознадзора с начала января 2023 года обнаружено более 382 тонн зараженной растениеводческой продукции, прибывшей из Азербайджана и Ирана

Кавказским межрегиональным управлением Россельхознадзора с начала июня 2022 года проконтролировано ввоз более 16053 тонн свежих овощей и фруктов.

В зоне ответственности управления по месту доставки на СВХ «Виадук» поступило из Азербайджана, Ирана и Турции более – 5340,3 тонн овощей (томаты, салат, зелень, капуста и т.д.) и 10712,6 тонн фруктов (яблоки, киви, хурма, мандарины, апельсины, виноград и т.д.).

Так, госинспекторами Кавказского межрегионального управления Россельхознадзора в 23 товарной партии растениеводческой продукции обнаружены карантинные вредные объекты, прибывшие из Азербайджана и Ирана.

В числе обнаруженных оказалось: 1 товарная партия свежих томатов в количестве – 17,9 тонн, 3 товарные партии яблок – 55,7 тонн из Азербайджана, 16 товарных партий подкарантинной продукции, салат айсберг, цветная капуста и зелень в количестве – 258,7 тонн, 3 товарные партии свежего перца – 49,5 тонн из Ирана. Общий объем зараженной продукции составил более 382,0 тонн.

Зараженная растениеводческая продукция была обнаружена на складе временного хранения ЮТТ СВХ «ВИАДУК». Продукция следовала из Азербайджана и Ирана в Российскую Федерацию. Основанием для подтверждения стало заключение Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР», который подтвердил факт выявления карантинных вредных объектов в подкарантинной продукции – южноамериканской томатной моли (Tuta absoluta Povolny), западного (калифорнийского) цветочного трипа (Frankliniella occidentalis Perg.), восточной плодожорки (Grapholitha molesta) и Бурой монилиозной гнили (Monilinia fructicola (Winter) Honey).

За нарушение ФЗ №206 «О карантине растений» владельцы грузов привлечены к административной ответственности по ст. 10.2 КоАП РФ «Нарушение правил ввоза и вывоза подкарантинной продукции», в целях защиты территории РФ от заноса особо опасных карантинных объектов.

***М. МУРСАЛОВА,***
***начальник отдела Кавказского Управления Россельхознадзора***

## Къецазда бергьарав



Казахстаналда тIобитIана «Лучший молодой ученый СНГ – 2022» абураб конкурсалъул финалияб этап. Гьениб СНГялъул гIолохъанал гIалимзабаз рихьизарулел рукIана тIабигIиял, гуманитариял, техникиял гIелмабазул цIех-рех гьаби.

Халкъазда гьоркьосел къецазул хIасилал гьарулаго, бергьараллъун рикIкIарал Дагъистаналдаса студентазда гьоркьов вукIана нилъер ракьцояв – Ражаб МухIамадовги. Гьев цIалулев вуго ДГМУялъул педиатрическияб факультеталда 5-аб. курсалда.

Конкурс тIобитIараб чамго этапалда жаниб гIолохъанал гIалимзабаз рицине кколел рукIана жидерго гIелмиял хIалтIаби, хадур цIунизе кколел рукIана гьел жюриялъул суалазе жавабалги къун. Бергьараб хIалтIулъ бицунеб букIана гIолохъанаб гIелалъе социалиял гьиназ гьабулеб асаралъул.

РакI-ракIалъго баркула Ражабида гIакълияб конкурсалда босараб бергьенлъи. Гьарула гьесие жеги тIадегIанал бергьенлъаби, щваралда гIей гьабичIого, гIелмабазул тIогьиве вахъине лъайги, гIакълуги ва сахлъиги.

Аслияб жо, лъугьайги лъималазул мустахIикъав тохтурлъун ва кидаго хутIайги гIун бачIунеб гIелалъе мисалиявлъун.

## Иргадулаб кумек

ЧIарада районалда гьоркьоса къотIизе тун гьечIо Украиналда СВОялда гIахьаллъулезе ва гьезул хъизаназе «Мы вместе» абураб ахIиялда гьоркь гьабулеб кумек. Гьедин волонтеразда, мобилизоват гьаруразул гIагаразда ва цоги ракIбухIи бугел гIадамазда гIуцIаразул баяналда рекъон акция тIобитIун буго жидерго гIумруялъухъ ва сахлъиялъухъ балагьичIого улкаялъул тIалабал тIуразарулел рагъухъабазе.

«Гьеб акциялъ нижее цойги нухалъ рес кьун буго СВОялда гIахьаллъулезда жал




цадахъ гьеб акциялъулъ гIахьаллъи гьабулеб буго учительзабазги, цIалдохъабазги, гьезул умумузги.

Дагъаб цебе тIадеги лъай борхизабиялъул централъул хIалтIухъабаз хIадур гьабуна хинал квасул носкаби, пледал, какикьжал, батIи-батIиял гьуинлъаби жанир лъурал посылкабазул иргадулаб партия. Гьездаго цадахъ лъималаз лъуна рагъухъабазе гьарирахьиялгун кагъталги, жидецаго рахьарал суратalги.

кIочон тун гьечIолъи лъазабизе. Гьезда бичIчIизе ва бихьизе ккола ВатIаналъ жал рехун тун гьечIолъи. Хехго, сах-саламатго бергьенлъигун гьел рокьоре руссиналъухъ хъизамал, росуцоял ва кинабго гIагарлъи балагьун чIун букIин. РакI-ракIалъулаб баркала буго киналго рехсараб акциялъулъ гIахьаллъи гьабуразе», – ян абуна ЦДОДалъул директор ШугIайнат МухIамадовалъ цIалдохъабазгун цадахъ посылкаби хIадурулаго.

## Лъадал гIунгутIаби лъугIизаризе ккела



Гьал ахирал къоязда лъикI гьечIеб хIалалда букIана райцентралда лъим букIинабиялъул хIалтIи. Рукъзабахъ гIодобе ккун букIана гьелъул тIадецуй. КидалъизегIан гьединаб ахIвал-хIал букIине бугеб абураб суалалъе жаваб щвана ЦIуриб росдал поселениялъул бетIерасул заместитель Абакар МухIамадовасдаса.

«Гьелъие аслияб гIиллалъун букIана пластикалъул цоцалъ хурхинаризе гьоркьоб тIамураб маххул турбаялъуб цIер къан букIин. Халат бахъараб бакъвараб цIороялъул хIасилалда ЦIуриб росулъе лъим биччаялъе гIорхъичIвай гьабулеб букIана гьеб гIоларого букIиналъ.

ГIемерисел райцентралда гIумру гьабулез цIороялдаса хIинкъун риччан толел руго рукъзабахъ ругел кранал. Гьелда бан лъим цIунулеб гьуй (емкость) цIезе кIолеб гьечIолъиялъ зама-заманалда гьеб къазе кколеб букIана.

ГьабсагIаталда ниж «Заря» ОООялъул подрядалъулаб организациялъул специалист ИбрагьимхIажи МуртазагIалиевгун цадахъ хIалтIулел руго ратарал киналго гIунгутIаби лъугIизариялда тIад. Гьанже гьебги рукIалиде ккезабун, хIажат буго хал кквезе лъим цIунулеб гьуялъуб лълъел роцен букIине кколелдаса гIодобе ккечIого букIиналда хадуб. Гьеб гIодобе ккани лъим бачунеб гьуялъуса росулъе щвезегIан ругел рогIрал тIубан цIечIого, лъеда цадахъ гьенибе лъугьараб гьаваялъ мухьалда байбихьулеб буго дагь-дагькккун цIер къазе. Гьедин кквечIого букIиналъул мурадалда гьуй цIезабизе ккола бихьизабураб бакIалде щвезегIан лъадаца. Щибаб къоялъ нижер хIалтIухъабазда цадахъ гьенире кумекалъе рачIунел руго росдал гIолохъабиги», – ян лъазабуна Абакар МухIамадовас.

Гьелдаго цадахъ Абакар МухIамадовас тIадчIей гьабуна кколел ругел цогидалги квалквалазда. Цо-цо рукъзабахъе рачарал лъадал ва канализациялъул турбаби ракьулъ жанегIан рукIине кколеб манзилалда лъунгутIиялдалъун кколел руго цIер къаялъул хIужжаби. ХIажат буго рукъзабахъ лъим бачунез гьеб рахьалде цIикIкIун кIвар буссинабизе.

ЦIуриб поселениялъул нухмалъулез ва росдал жамагIаталъ кIудияб баркала загьир гьабулеб буго къварилъиялдаса нахъегIан къан чIечIого гьенир жигаралда специалистазда цадахъ хIалтIизе рачIарал Рамазан Мирзабеговасе, ХIусен Муслимовасе, МахIмуд МахIачевасе, Шамил ГIабдурахIмановасе, Къурбан Расуловасе ва Асильдар Къурбановасе. Гьезул жигаралдалъун тIубазабизе кIвана райцентралъул захIматчагIазе лъим чIезабиялъул хIалтIи.

## *Авар кицаби ва абиял*

- Лъаларилан аби – кIалзуе бигьалъи, кIоларилан аби – чорхое бигьалъи.
- Лъалев чиясе гьабида гIантIеро базе бигьаяб жо.
- Лъалес малъараб гьабичIев мурадалде щоларо.
- Лъалес чу босе, лъаларес куса босе.
- ЛъарагIалда магIаруласулъеги унге, магIарухъ дибирасулъеги унге.
- ЛъарагIалда чехь цурав, чачаналда мугъ цурав (хур бекьизе кIухIалав чи).
- ЛъарагIасул гьакица гIанкI ккурабила.
- ЛъарагI мацI бицунилан цIамухIор бетиларо.
- Лъаракьа гурелила хIинкъулел, гIурукьайила.
- ЛъаралтIе гIор кIанцIана.
- Лъеда бараб полоп гIадаб жойила рос-лъадиялда гьоркьоб кколеб кьал.
- Лъеде мугъ чIваге, гьерсиде ракI гьоге.
- Лъеда гьабун накъиш чIоларо.
- Лъезе лъаларес тIагъур бахъуге.
- Лъеца гьобо, цIеца кор.
- ЛъикI букIаго, «патихIа!»
- ЛъикI хьвадарав квеш холаро, квеш хьвадарав лъикI холаро.
- ЛъикIаб батани, канае, квешаб батани, цIадуе.
- ЛъикIаб дару кьогIаб букIунеб.
- ЛъикIаб гьудуллъи хазинаялдаса лъикIаб.
- ЛъикIаб жоялъе къей гьечIеб, къадаралъе бергьенлъи гьечIеб.
- ЛъикIаб рагIуда мал баге.
- ЛъикIаб хIама бакIаб букIуна.
- ЛъикIаб цIарагIалда цIадул бетIер букIуна.
- ЛъикIав бахIарчиясул вас къадараванги тоге, къадарав чиясул вас бахIарчиянги тоге.
- ЛъикIалда мал бани, квешалда къвал базе ккола.
- ЛъикIасул лъикIлъиги квешасул квешлъиги кидаго кIочонареб.
- ЛъикIлъи бихьарасул кар, квешлъи бихьарасул малъ.
- ЛъикIлъиялда цебе – квешлъи, квешлъиялда цебе – лъикIлъи.
- Лъим бахунеб мехалъ гурони чахъдада бацI кIочонареб.

ЧIАРАДА
Директор МБУ «ЕИС» Земфира МухIамадова
Жавабияв секретарь Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор Манарша Расулова
Корреспондент Шахзанат Шамсудинова
Набор - Ирайсат МухIамадгIалиева
Редактор-стилист Аминат ГIабдурахIманова

Газета гIуцIарал: «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель: Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес:367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.
Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*